

Konferans Relijye ak Relijyèz yo an Ayiti



Bondye Lavi a N ap lapriyé w pou Konferans Relijye ak Relijyèz yo an Ayiti

Ansam ak frè n ak sè n yo,
n ap chèche w jis nan fen fon kè nou
Nan rèv nou ki pi enpòtan pou nou yo
Nan sèvis n ap fè ki pi enpòtan pou nou yo,
Nan rankont chalere nou yo,
Nan bèl paj litwa nou yo,
N ap chèche w nan mitan doulè ak lajwa nou yo,
Nan lesperans ak nan lavi pèp nou yo.



Pou n kapab medite nan fon kè nou

“... Lòt fwi pzitif kriz sanite nap viv jounen jodi a se santiman solidarite. Depi kilè nan listwa limanite, pèp yo nan tout nasyon yo te santi yo tèlman ini, nan viv egal ego, san anpil litij ant yo, tankou wè l nan moman sila a? Janmen, tankou jounen jodi a, nou pa te apès la vérité ki kache anba gwo kout rèl yonn nan gwo poèt nou yo: “Lapè pou tout moun! Sou fas tè a mèvèy la depase”. Nou bliye zafè bati mi pou separe nou yo. Viris la san frontye. Nan yon ti bat je li kraze tout baryè ak distinksyon : ras, relijyon, klas ak pouvwa. Nou pa gen dwa gade deyè lò moman sa a fin pase. Men jan Sen Pè Lepap egzòte nou an, nou pa dwe gache okazyon sa a. Piga nou kite ke tout doulè sa yo, kantite moun n ki mouri yo ak angajman eroyik ajan sante yo pase pou gran mès. Se « resesyon » sila a pou n kap pè.

« Y’a fè zam yo tounen zouti pou travay tè.

Y’a fè nepe yo tounen kouto digo.

Nasyon yo p’ap fè lagè yonn ak lòt ankò.

Yo p’ap janm aprann fè lagè ankò (Ezayi 2,4).»

Se moman sa a pou k ap fè pwofesi Ezayi a vin yon reyalite, yon pwofesi ki ap tan n reyalizasyon l depi lemond egziste. An nou rele aba konkirans fè gwo zam lou yo. An rele ak tout fòs nou, nou tout jèn yo, sitou nou men m, se destinè nou ki an danje. An n sevi ak tout gwo sòm lajan sila yo itilize pou n fè za m yo pou nou kap reyalize sa ki pi nesès epi ijan nan moman sa a tankou : sante, liyèn, manje, lit kon la mizè ak pran swen lanati. An n kite pou jenerasyon kap vini an yon mond ki pòv nan bien materyèl ak lajan, men ki pi rich nan imanite”.

Tradiksyon kreyòl, Prèch Vandredi Sen Rainero Cantalamessa.

An nou lapriyé

An nou lapriyé pou Konferans Relijye ak Relijyèz nou an nan peyi Dayiti, epi ansanm ak yo n’ap lapriyé pou tout Enstiti Relijye Vi Apostolik, manm Enstiti Sekilye ak Nouvo Fòm Lavi konsakre yo,



pou Lòd Vyè yo, pou Mwann yo ak vokasyon Lavi Kontanplatif yo, ak tout sila yo ki resevwa don apèl konsekrasyon yo, pou fòs Jezi Resisite a fè yo vi n tounen pwofèt lanmou Bondya ak temwen lavi tout nèf la nan mitan reyalite aktyèl sosyete nou yo.

- **Manman Notredam Pèpetyèl Sekou**, pran swen tout sila yo ki malad yo akòz COVID-19 a...
- **Manman Notredam Pèpetyèl Sekou**, kouvri anba manto w sila yo ki mouri yo nan mitan tout Kongregasyon nou yo...
- **Manman Notredam Pèpetyèl Sekou**, ankouraje sila yo k ap sèvi sa ki pi pòv yo ak jès solidarite konkrè ...
- **Manman Notredam Pèpetyèl Sekou**, rann pi fèm tout jefò ak kreyativite nan tan difisil n ap viv la...
- **Manman Notredam Pèpetyèl Sekou**, Klere kè chak Relijye ak relijyèz pou yo kab mete yo an aksyon epi pou yo pa kitè lapèrez paralize yo ...
- **Manman Notredam Pèpetyèl Sekou**, fè lapiyé nou pran rasin nan eksperyans enkanasyon an, konsa nou kapab apran n gade reyalite a “ak de grenn zye nou bien ouvè”. Gade reyalite nou yo nan sans sa a posib, sèlman lò nou remen mond lan ak tout limiit li yo, ak divesite l ak konfwontasyon l yo, menm jan Bondye renmen l lan...
- **Manman Notredam Pèpetyèl Sekou**, angaje nou nan bati yon mond ki pi jis epi ki pi imen.
- **Manman Notredam Pèpetyèl Sekou**, tanpri ban nou fòs pou nou pran swen Manman Latè a, tankou yon rout kit rase pou lavi Relijyèz la kap renouvle alyans li ak Bondye lavi a ak tout keyati yo...
- **Manman Notredam Pèpetyèl Sekou**, aprann nou fè fas jou kap vini yo a ak yon relekti evalyasyon ak pwojeksyon tou nèf, epi sitou pou kap viv vokasyon nou tankou gadò lesperans la ak anpil kè kontan...

Tout Lavi Relijye Amerik Latin nan ak Karayib la,
nan linite ak Konferans Relijye ak relijyèz yo an Ayiti!